

# Soulajman Doulè Pandan Tranche

Kalite Soulajman Doulè	Rezime	Avantaj	Danje	Plis Enfòmasyon
<b>Soulajman natirèl pou doulè, san medikaman</b> 	Gen anpil opsyon. Nou sijere teknik respirasyon, mizik, terapi luil esansyèl, pake cho, chanjman pozisyon, boul akouchman, lamach, terapi nan dlo (benywa), bousòl dlo esteril, ak akouchman avèk ipnoz.	Yo ka ede ou kalme lespri ou ak kò ou, e ede ou fè fas a doulè a. Pifò nan yo sèvi depi plizyè milye ane!	Pa gen danje! Men yo gen dwa pa ase, sa depann de nivo doulè ou ak de tan li dire a.	Ou te mèt pote pwòp mizik ak terapi luil esansyèl pa ou. Yo kapab veye ou pandan ou nan benywa a epi ba ou Pitocin si li nesesè.
<b>Yon moun pou ba ou sipò oswa doula</b> 	Yon doula se yon moun ki fòme pou ede ou pandan tranche. Li ofri sipò emosyonèl, konsèy, edikasyon, ak masaj. Gen anpil doula ki ede nan zafè bay tete tou e ki fè vizit lakay apre akouchman an.	Nou resevwa opinyon pozitif nan men pasyan nou yo ki di yo renmen sèvis doula yo. Gen rechèch ki demontre doula yo redui kantite sezaryèn yo.	Pa gen danje! (Ou gen dwa gen pou depanse pou anboche yon doula).	Ou gen dwa kalifye pou yon doula CHA: mande doktè ou oswa fanm saj ou. Doula CHA yo pale 14 diferan lang.
<b>Medikaman kont Doulè (analjezik nakotik)</b> 	Nou ka ba ou medikan fò kont doulè, tankou mòfin.	Yo soulaje doulè byen (men pa a 100%) e y ap kalme ou. Sa gen dwa ede ou dòmi pandan kèk èdtan.	Yo ka ba ou lagratèl, anvi dòmi oswa kè plen. Nou pa sèvi ak yo twò pre akouchman an poutèt yo ka gen konsekans sourespirasyon ak enèji miskilè tibebe a kou li fin fèt.	Yo abtyèlman sèvi bonè nan trache a.
<b>Oksid Nitre</b> 	Ou ka respire gaz sa a nan yon mask. Ou kenbe mask la sou figi ou pandan kontraksyon yo. Gaz la pa gen ni sant ni gou.	Ou ka kontwole li poukont ou. Li ka sèvi pandan yon ti tan pou ede ou rilaks. Li wete doulè a ase byen. Pa gen efè yo konnen sou tibebe a.	La ka pafwa bay kè plen, tèt vire oswa yon "move sansasyon". Efè segondè sa yo ale rapidman lè ou sispann pran gaz la.	Li fèk parèt nan Etazini men yo sèvi avè l ann Ewòp depi anpil ane.
<b>Anestezi Epidiral</b> 	Yo bay medikaman sa a nan yon tiyo yo mete nan senti ou. Li ka soulaje doulè gras a yon angoudisman li bay soti nan tay la desann anba.	Li wete pifò nan doulè tranche a. W ap reveye ak kapab pouse kanmenm. Yo ka ajoute plis medikaman, e yo ka etenn li si sa nesesè. Pa gen efè yo konnen sou tibebe a.	W ap oblige rete nan kabann. Li kapab lakòz tansyon ou bese. Raman, li ka bay maltèt poutèt likid sefalo-rachidyen an (yo ka trete li). Trè raman, li ka yon danje pou nè ou yo.	Se kalite soulajman pou doulè yo bay pi souvan an pandan tranche nan Etazini. Etid yo PA demonstre epidiral yo bay doulè nan do pou lontan.